



Se Pou w Konn Dwa w Genyen Pou w Òganize



Sendika a ede nan pwoteje sante, sekirite, salò epi garanti retrèt Ameriken k ap travay yo. Travayè ki gen sendika ki reprezante yo a pataje enkyetid yo genyen konsènan sekirite kote y ap travay la, ak sante yo, vòl nan salè, diskriminasyon ak tizonnay, ak lòt vyolasyon pwoteksyon travayè. Sendika yo ede ranfòse dwa legal travayè yo. Sipòte travay k ap eseye kreye sendika yo ede Ministè Travay la pou nou akonpli misyon nou. **Gade rmwayen ki pi ba yo pou w konprann dwa w genyen pou w òganize yon sendika san reprezay.**

KREYE YON SENDIKA

Enstriksyon Ki Gen Tout Etap Pou W Kreye Yon Sendika

Travayè k ap eseye kreye yon sendika kote y ap travay la ta dwe pale ak kòlèg yo pou yo bati yon antant konsènan pwoblèm y ap fè fas yo. Souvan travayè yo fè sa lè yo kreye yon komite ki gen travayè. Travayè yo ka kontakte yon sendika ki sou pye deja pou yo jwenn sipò ak enstriksyon oswa yo ka chèche òganize pwòp sendika yo.

Yon gwoup travayè k ap chèche òganize yon sendika dwe rasanble kat/petisyon pou otorizasyon sendika yo nan men kòlèg yo pou montre y ap soutni nouvo sendika y ap kreye a. Kat otorizasyon sendika yo se dokiman travayè yo siyen kote y ap montre sipò yo pou reprezantasyon sendika a.

Kou moun k ap òganize yo rasanble kat oswa petisyon ki siyen nan men kòlèg yo, an jeneral, gen de etap pou yo franchi pou yo kreye yon sendika:

Enskripsyon majorite a/Rekonesans Volontè

1. Yon majorite anplwaye nan departman negosyasyon an siyen kat/petisyon pou yo ka jwenn reprezantasyon sendika a
2. Travayè yo mande konpayi y ap travay la pou l rekonèt sendika a volontèman.
3. Si konpayi a dakò, sendika a vin tounen reprezantan legal travayè yo pou yo ka met ansanm pou yo fè negosyasyon epi moun ki konène yo kòmanse negosyasyon an
4. Si konpayi w ap travay la refize rekonèt sendika a, travayè yo ka ranpli yon petisyon pou gen yon eleksyon ki fèt ak NLRB

Eleksyon NLRB

1. Fè omwen 30% kòlèg ki siyen kat /petisyon otorizasyon sendika yo
2. Ranpli yo petisyon pou gen yon eleksyon sendika ki fèt ak NLRB a
3. Si sendika a gen 50% +1 vòt, konpayi w ap travay la dwe negosye kondisyon travay yo yon fason onèt

[Kontakte Biwo Rejyonal NLRB ou a pou w jwenn plis enfòmasyon](#)

TABLO:


Avantaj Sendika a: Salè

An mwayèn, travayè ki anba sendika yo touche plis kòb pase sa ki pa anba sendika yo.

Travayè inyon yo an jeneral: **+18%**

Fi sendika yo: **+22%**

Travayè inyon ki nwa yo: **+20%**



[Iremak: ta dwe gen kèk kalite imaj pou wè twa eleman enfòmasyon – se pa tèks sèlman]

TABLO:

Avantaj Sendika a: Avantaj

An mwayèn, travayè ki anba sendika yo gen pi bon avantaj pase sa ki pa anba sendika yo.

Swen sante:

95% sendika, **68%** ki pa nan sendika

Phúc lợi hưu trí:

94% sendika, **67%** ki pa nan sendika

Thời gian nghỉ có lương:

90% sendika, **75%** ki pa nan sendika



[Iremak: ta dwe gen kèk kalite imaj pou wè twa eleman enfòmasyon – se pa tèks sèlman]

Met sou pi bon salè ak pi bon avantaj, sendikasyon jwenn lòt avantaj pou travayè yo:

- **EGALITE:** Sendika yo ede pou pa gen diferans nan lajan fi ak travayè po fonsè yo touche
- **ORÈ KI PLANIFYE ALAVANS** Travayè ki anba sendika yo souvan jwen orè yo plis tan alavans.
- **SEKIRITE:** Travay ki gen sendika yo gen mwens aksidan ak posibilite pou danje ladan yo

Pwoteksyon kont Reprèzay

Ou gen dwa pou met ansanm ak kòlèg ou yo pou nou pale kondisyon yo nan travay la lè nou kreye yon sendika oswa met ansanm pou nou pran lòt desizyon. Li pa legal pou yon konpayi fè reprèzay kont ou si w jwi dwa sa yo.

Si w panse yo vyole dwa w, ou dwe kontakte Komite Nasyonal Relasyon nan Travay (NLRB) kou sa posib. Nou p ap di konpayi w ap travay la sa. Ou ka kontakte NLRB nan 1-844-762-NLRB (1-844-762-6572). Yo bay èd ann Espanyòl.

<https://www.nlr.gov/contact-us>

Pou l reyaji ak òganizasyon yon sendika, yon konpayi pa ka:

- ✗ Revoke oswa retire nan grad anplwaye yo
- ✗ Enpoze nouvo egzijans pou dokiman pou kenbe travay la
- ✗ Transfere anplwaye yo lòt kote
- ✗ Kontakte otorite pou fè respekte lalwa, tankou ICE
- ✗ Diminye nan salè, lè, oswa avantaj yo
- ✗ Fè travay la pi difisil oswa fè w mwens anvi travay – tankou chanje orè travay la, refize lè siplemantè, oswa separe anplwaye yo
- ✗ Fè menas pou l fè nenpòt nan bagay sa yo

Travayè imigran yo gen dwa pou yo òganize

Pifò travayè yo, sa gen ladan l travayè imigran yo, gen dwa pou yo kreye yon sendika e y ap jwenn pwoteksyon Komite Nasyonal Relasyon nan Travay (NLRB). Youn nan pwoteksyon sa yo se dwa pou w pa sibi reprèzay. Reprèzay ki baze sou stati w nan domèn imigrasyon gen ladan l:

- Menas pou rele otorite imigrasyon yo
- Demann pou yon nouvo dokiman verifikasyon travay I-9 oswa nimewo Sekirite Sosyal
- Fè demach pou rele lapolis epi mete otorite imigrasyon nan dosye a
- Revokasyon.

Anplwaye **Komite Nasyonal pou Relasyon nan Travay**

la p ap mande w stati imigrasyon w pandan yon ankèt oswa pou pwouve vyolasyon Lwa Nasyonal Relasyon nan Travay. NLRB a ap travay pou w jwenn travay ou ankò e pou w resevwa salè w te pèdi yo. Si konpayi w ap travay la pwouve ou pa t gen otorizasyon pou w travay, stati imigrasyon w ka mete limit nan sa w ap resevwa si konpayi w ap travay la fè reprèzay ilegal kont ou, men NLRB a ap chèche lòt solisyon e ka kolabore ak ajans imigrasyon yo pou ede anplwaye ki gen dwa travay yo ki pa respekte.